



# Kisa yon Konsèy Fanmi ye?

Konsèy Fanmi (FC) se yon gwoup zanmi ak fanmi moun ki abite nan mezon retrèt oswa nan anviwònman swen alontèm ki travay ansanm pou defann moun yo renmen yo.

Gwoup sa yo, kit se gwo oubyen piti, sèvi kòm yon espas prive pou fanmi yo eksprime enkyetid yo epi travay ansanm pou jwenn solisyon pou amelyore kalite lavi ak swen rezidan yo.

[nursinghome411.org/families](http://nursinghome411.org/families)

## Kontakte Nou

- (212)-385-0355
- [www.nursinghome411.org/families](http://www.nursinghome411.org/families)
- [families@ltccc.org](mailto:families@ltccc.org)



## Yon Gid pou Fòme Konsèy Fanmi

Konsèy Fanmi (FC) kapab jwe yon wòl enpòtan nan amelyore swen ak kalite lavi nan mezon retrèt yo. Vizite [nursinghome411.org/families](http://nursinghome411.org/families) pou kòmanse jodi a!

# Konsèy Fanmi yo gen Dwa!

Lwa federal di ke fanmi yo gen dwa pou yo mete tèt yo ansanm pou defann moun yo renmen yo. Kòm yon manm fanmi, ou gen dwa pou:

## Ⓐ Fòme yon Konsèy Fanmi

Rezidan yo ak fanmi yo gen dwa pou fòme ak patisipe nan yon Konsèy Fanmi.

## Ⓑ Vi Prive

Mezon retrèt yo oblige bay yon espas prive pou reyinyon konsèy la epi yo ka sèlman gen yon anplwaye nan prezans si konsèy la envite yo.

## Repons

Ⓐ Mezon retrèt yo dwe konsidere enkyetid ak rekòmandasyon konsèy la. Pandan ke yo pa oblige fè tout sa konsèy la vle, mezon retrèt yo oblige demontre repons yo a enkyetid ak rekòmandasyon konsèy la epi bay yon rezon pou repons yo.

## Kominikasyon

Ⓐ Mezon retrèt la dwe genyen yon anplwaye ki deziyen ki te apwouve pa konsèy la e ki responsab pou bay konsèy la asistans epi reponn a demann alekri konsèy la.

Vizite [nursinghome411.org/families](https://nursinghome411.org/families) oswa eskane Kòd QR ki anba a pou jwenn resous pou sipòte yon Konsèy Fanmi vibran ak efikas.



An nou ranfòse fanmi pou rezidan yo jwenn swen yo merite.

[nursinghome411.org/families](https://nursinghome411.org/families)



## 10 Konsèy pou Konsèy Fanmi yo

1. Rete Santre sou Rezidan yo
2. Aprann sou Dwa Rezidan
3. Konnen Dwa FC yo
4. Gen Fòs nan Nimewo
5. Se pou Enklisif e gen Respè
6. Sipòte Youn Lòt
7. Ekri li (oubyen Rapòte li)
8. Fè Zanmi ak Teknoloji
9. Aprann Konnen Ombudsmen Lokal
10. Pran yon Souf & Rafrechi Tèt ou

Pou jwenn plis konsèy sou fòme ak batì Konsèy Fanmi, ki gen ladan yon gid etap pa etap pou organize yon reyinyon Zoom, vizite [nursinghome411.org/families](https://nursinghome411.org/families) oubyen eskane Kòd QR ki anba a.

